



## **Not pou laprès**

**Kontak: Dwa Fanm (718) 230-4027**

Vyolans k ap fèt lajounen jodia nan peyi d'Ayiti kreye yon sityasyon ki danjere anpil ni pou fanm, ni pou ti fi Ayisyen. Sityasyon vyolans sa a se pwodwi degradasyon chapant legal peyi a. Si sityasyon vyolans sa a ka ekziste epi dire, se paske ni leta, ni patikilye pa respekte lalwa. DWA FANM, yon oganizasyon k ap goumen pou yo respekte dwa tout kretyen vivan, mete tèt ansanm ak gwoup KONAP, KAY FANM, ENFOFANM, SOFA, ak FANM YO LA pou mobilize kont tout vyolasyon dwa kretyen vivan.

DWA FANM leve kanpe kont tout krim, entolerans ak vyolans k ap multipliyè an Ayiti. Sityasyon vyolans ak represyon sa a grav sitou pou fanm ak ti je nn fi. Se pou tet sa anpil aktivis fanm te fe tande vwa yo pi fò apre yon ekip moun ki di yo se patizan gouvènman an te atake yon rasanbleman ki t ap fet devan Ministe Jistis la 29 oktob 2003. Jou sa a, aktivis yo t ap manifeste kont vyolans sou fanm ak lanmò Danielle Lustin, ki li menm tou te youn gwo aktivis. Manifestan yo t ap denonse gouvènman an ki pa ni kondane zak sa yo, ni trennen ankenn koupab devan tribunal lajistis.

Sityasyon vyolans andedan peyi a vin bay okazyon pou se fanm ak ti fi ki plis viktim nan sosyete Ayiti a. Kòm se fanm ki toujou anba nechel sosyal la, konye a menm nan mitan tout deblozay politik sa yo, se yo menm anko k ap gen pou sibi plis vyolans, kit se vyolans politik, kit se vyolans domestik.

DWA FANM gen anpil pwoblèm tande represyon k ap fèt sou fanm tankou kadejak, sitou kadejak ki fèt pou femèn bouch aktivis. Plizyè gwoup fanm rapote gen 6 vyòl ki anrejistre nan mwa desanm 2003: 4 vyòl fèt Ti Gwav, youn nan lopital Potopris, ak youn anndan yon oganizasyon ki rele ENFOFANM. Epi nan mwa janvyè ki sot pase la a, DWA FANM aprann y ap menase fanm aktivis yo pi plis toujou. DWA FANM ap mande pou zak kaponnaj ak entimidasyon sa yo sispan nan peyi a.

DWA FANM ap mande tou pou lapolis - ki la pou sèvi sitwayen - sispann abize dwa sitwayen yo genyen pou manifeste. DWA FANM pa dakò non plis ak yon sistèm jistis ki pa ni respekte lwa, ni rete nan chimen lwa yo mande swiv pou bay jistis. DWA FANM ap mande tout moun ki nan mitan deblozay peyi a, moun k ap maniganse krim yo, pou yo sispann fè sa k pa sa. Yo dwe aprann respekte lalwa, aprann respekte dwa ak diyite moun.

Nan tan selebrasyon 200 zan peyi d'Ayiti a, DWA FANM ap pwofite rekonèt epi bat bravo pou tout fanm nan listwa ki te fe jefò pou bati yon nasyon kote dwa ak diyite moun ta dwe respekte; DWA FANM ap ankouraje fanm lajounen jodia kontinye batay jouk tan ni aparey leta a ni sitwayen Ayisyen rive konprann fò youn respekte dwa ak diyite lòt.